

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Kamampuh nulis nyaéta kamampuh pikeun ngébréhkeun gagasan atawa ideu jadi hiji karangan atawa karya. Dina nyusun kecap jadi kalimah nu éndah diperlukeun kaparigelan basa. Dina hal ieu kaparigelan nulis kudu diperhatikeun ku sabab pikeun ngalatih siswa sangkan bisa méré gagasan dina unggal tulisanna saluyu jeung nu dijéntrékeun ku Kurniawan (dina Martha & Situmorang, 2018) nulis nyaéta nepikeun ideu gagasan dina pikiran jeung haté ngaliwatan basa.

Kamampuh nulis penting dikawasa ku siswa, pasualan nu mindeng karandapan ku siswa salasihijina dina sisindiran nu mangrupa materi di kelas VIII. Nurutkeun Salmun (1959, kc. 50) kecap sisindiran ari asalna mah tina kecap sindir anu maksudna sisi, atawa henteu poksang pikeun ngaragangan anu dibawa nyarita, supaya omongan urang karasana henteu nyentug atawa ngagasruk kana haténa. Leuwih teleb Halil (2016, kc. 433) nétélakeun yén sisindiran téh diréka atawa dianggitna mah bisa jadi mangrupa wawangsalan, rarakitan, jeung paparikan. Ari sifatna sarua bisa jadi silih asih, piwuruk, jeung sésébréd.

Panulis bisa ngaguar gagasanana ngaliwatan tulisan dina salasihiji wangun sisindiran nyaéta rarakitan. Nulis rarakitan dipilih ku panalungtik ku sabab dina nulis rarakitan téh nu murwakanti lain ngan saukur di tungtung kalimahna tapi kecap mimiti dina cangkang diulang atawa dipaké deui dina kecap mimiti dina eusi, nu matak papasangan saperti wangun hareup tina rakit. Saluyu jeung kanyaatan nu aya dilapangan nyaéta di SMP Plus KP 2 Paséh, yén matéri nulis rarakitan nu aya dina sisindiran téh siswa kurang maham kana léngkah-léngkah nu kudu dihontal dina nulis rarakitan sarta bédana jeung wangun sisindiran séjén. Salian ti éta guru nu kurang ngawasa gé jadi salasihiji pasualan ku sabab kurangna tanaga pangajar di éta sakola ngalantarankeun guru ngajar lain dina widangna. Nurutkeun Mirnawati, spk (dina Qadaria, 2023) guru bakal ngarandapan pasualan di lapangan, salasihijina kahéngkérana siswa dina hal nulis. Loba faktor nu ngalantarankeun tingkat ngawasa guru kana matéri nulis rarakitan kurang saperti dina fasilitas, cara nepikeunana, média pangajaranana atawa pamarekan ka siswana.

Masrini, 2024

PAMAREKAN INTEGRATIF DINA PANGAJARAN KAMAMPUH NULIS RARAKITAN (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku kituna dibutuhkeun cara pikeun narékahan éta pasualan. Pikeun ngarobah pamahaman guru kana hal éta ngagunakeun pamarekan *integratif* dina pangajaran mangrupa salasihiji tarékah anu bisa dilakukeun ku guru. Pamarekan *integratif* atawa pamarekan tématik mangrupa pamarekan terpadu nu ngalibetkeun sababaraha aspék atawa mata pangajaran pikeun méré pangalaman sangkan siswa bisa maham kana konsep pangajaran ngaliwatan pangalaman langsung sarta dipatalikeun jeung konsép séjén nu geus dicangkem (Rusman 2021, kc. 254). Pamarekan *integratif* bisa dihartikeun salaku pamarekan nu ngadumaniskeun sababaraha aspék kana hiji prosés, raket patalina jeung pangajaran kabasaan. Sanajan kitu pamarekan dina pangajaran bisa leuwih éféktif nalika dirojong ku ayana média pangajaran nu saluyu sarta matak ngirut ka siswana.

Upama dipatalikeun jeung panalungtikan saacanna ieu pamarekan téh biasa dipaké dina pagajaran kabasaan, saperti Indonesia atawa Inggris sarta aya oge dina pangajaran agama, salasihijina aya dina panalungtikan Rinda Astika Sari (2014) nu judulna “Peningkatan Kemampuan Mengarang Melalui Penerapan Pendekatan *Integratif* Pada Mata Pelajaran Bahasa Indonesia Siswa Kelas V Sdn 02 Udanwuh Kecamatan Kaliwungu Kabupaten Semarang tahun Pelajaran 2013/2014”, hasil panalungtikanna nunjukeun hasil nu signifikan tina *pre-test* jeung *post test* na, dina tés kahiji mah siswa nu meunang nilai di handap KKM téh aya kira-kira 70% tina 20 siswa, sedengkeun dina tés nu kadua sanggeus dibéré *treatmen* ngagunakeun pamarekan *integratif* mah siswa nu meunang nilai di handap KKM kira-kira aya 10% tina 20 siswa, katiten yén hasilna nuduhkeun kamampuh siswa ngaronjat dina kamampuh nulis karangan.

Dumasar kana panalungtikan saacanna pamarekan *integratif* téh miboga dampak positif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa ditilik tina tés nu dilakukeun sacara bertahap nu nunjukeun ngaronjatna dina pamahaman tur kaparigelanna. Pamarekan ieu gé mawa parobahan kana aktivitas guru nu leuwih ka konsép nalika pagajaran hususna dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Ku sabab éta panalungtikan ieu téh dipiharep bisa mawa parobahan ka Siswa Kelas VIII-A di SMP Plus KP 2 Paséh, salian ti éta bisa oge nutupan kahéngkéran-kahéngkéran nu aya dina panalungtikan saacanna ngaliwatan hasil-hasil panalungtikan anyar di lapangan.

Masrini, 2024

PAMAREKAN INTEGRATIF DINA PANGAJARAN KAMAMPUH NULIS RARAKITAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh dipiharep mawa atawa ngahasilkeun parobahan nu alus pikeun siswa SMP Plus KP 2 Paséh dina ngaronjatkeun kamampuh nulisna. Ku kituna ieu panalungtikan téh wajib dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Ditilik tina kasang tukang diluhur masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap..

- a. Kumaha kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif* ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh ?
- b. Kumaha kamampuh nulis rarakitan sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif* ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh ?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna pamarekan *integratif* ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikawanoh kumaha larapna pamarekan *integratif* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis rarakitan Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh, sangkan kahareupna bisa mawa parobahan jadi hadé pikeun siswa sarta bisa jadi alternatif tur dipaké di sakola séjén saupama miboga kasus sarua.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan sacara husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif* ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh.
- b. kamampuh nulis rarakitan sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif* ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh.
- c. béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna pamarekan *integratif*.

Masrini, 2024

PAMAREKAN INTEGRATIF DINA PANGAJARAN KAMAMPUH NULIS RARAKITAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun jeung ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan kaparigelan basa sarta pamarekan nu saluyu pikeun pangajaran nulis.

1.4.2 Manfaat Praktis

- a. Pikeun panalungtik, leuwih ngajembaran pangaweruh ngeunaan pamarekan *integratif* sangkan bisa dilarapkeun nalika ngajar langsung dilapangan.
- b. Pikeun mahasiswa, jadi référénsi jeung bahan pancén kuliah dina kaparigelan nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi atawa raraga tulisan boga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan nu ngawengku lima bab, saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina nyaéta ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, anu eusina ngawengku tiori pamarekaan *integratif*, nulis, jeung rarakitan dina sisindiran.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan data jeung sumber data panalungtikan, tehnik ngumpulkeun jeung ngolah data, instrumén panalungtikan jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngawengku hasil tina panalungtikan nu mangrupa béda signifikan antara kamampuh siswa dina nulis rarakitan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina kacindekan béda signifikan antara kamampuh siswa dina nulis rarakitan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*, sarta implikasi jeung rekomendasi pikeun panalungtikan kahareupna.